


NC MEDICAID FOR MORE PEOPLE



Founisè gadri ak timoun



Travayè konstriksyon yo ap egzamine plan yo

Kounye a, NC Medicaid kouvri moun ki gen ant 19 a 64 lane ki gen revni pi elve yo. Li posib pou ou kapab benefisye kouvèti swen sante atravè Medicaid menm si ou pa t elijib anvan sa.

Medicaid peye pou ou pou vizit doktè, bilan sante anyèl, swen ijans, sante mantal ak plis ankò – ak yon pri minim oswa gratis.

NC Medicaid kouvri pifò sèvis sante yo, tankou:

- **Premye swen** pou ou ka konsilte yon doktè pou bilan sante oswa lè ou pa santi w byen
- **sèvis lopital** lè ou oblije pase nwit la (pasyan ospitalize) oswa lè ou ka ale lakay ou menm jou a (pasyan anbilatwa)
- **swen matènite ak swen aprè akouchman** si ou ansent ak aprè akouchman
- **Swen pou vizyon ak tande**
- **Avantaj medikaman sou preskripsyon** pou peye pou medikaman ou yo
- **Sante konpòtmantal**
- **sèvis prevansyon ak byennèt**
- **sèvis sante dantè ak oral**
- **Sèvis ki gen rapò ak sante ak lòt sèvis terapi**

Pifò moun ap kapab elijib pou kouvèti swen sante atravè Medicaid si yo ranpli kondisyon ki anba yo. Si ou te elijib anvan sa, ou elijib toujou.

- **W ap viv North Carolina**
- **Genyen ant 19 a 64 lane**
- **Ou se yon sitwayen ameriken (kèk moun ki pa sitwayen ameriken ka benefisye kouvèti medikal tou atravè Medicaid)**
- **Si revni masyèl fwaye ou koresponn ak tablo ki anba a:**

Kantite moun ki nan fwaye a	Revni Masyèl pou 2024*
Granmoun Selibatè	\$1,732 oswa mwens
Fanmi ki gen 2 moun	\$2,351 oswa mwens
Fanmi ki gen 3 moun	\$2,970 oswa mwens
Fanmi ki gen 4 moun	\$3,588 oswa mwens
Fanmi ki gen 5 moun	\$4,207 oswa mwens
Fanmi ki gen 6 moun	\$4,826 oswa mwens

*Nou mete ajou limit revni yo chak ane.

Kòman pou aplike pou Medicaid:



ePASS | HealthCare.gov
ePASS.nc.gov | HealthCare.gov



Aplikasyon sou papye
medicaid.nc.gov/
aplikasyon pou enprime



An pèsòn nan biwo Depatman Sèvis Sosyal (Department of Social Services, DSS) lokal ou a
ncdhhs.gov/localDSS



Rele biwo DSS la
ncdhhs.gov/localDSS

Pou jwenn plis enfòmasyon, vizite:
Medicaid.nc.gov

Foto estanda. Pòtrè yon modèl. Pou rezon ilistrasyon sèlman Depatman Sèvis Sante ak Sèvis Sosyal nan North Carolina [NCDHHS.gov](https://ncdhhs.gov) • NCDHHS se yon anplwayè ak yon founisè sèvis ki bay menm opòtinite. • 04/2024



NC DEPARTMENT OF
HEALTH AND
HUMAN SERVICES